

LAMPIRAN

Tabel 2. Representasi Katresnan wonten ing Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparto Brata

No	Data	Klasifikasi					Katrangan
		Cinta Persaudaraan	Cinta Keibuan	Cinta Erotis	Cinta Diri Sendiri	Cinta kaliyan Tuhan	
1.	Sawise pamitan wong mburi, aku budhal lunga karo Pitarta menyang pasar malem. Dakseneng-senengake atiku, supaya ora kelingan seriking ati. “Kelakon aku metu bengi iki nganggo klambi biru sing anyar!” sumaurku ing batin. Klakon metu gek mlaku-mlaku ing pasar malem, gandhengan karo priya! Kurang seneng kapa?! Sumber rada cemplang, nanging apa klirune? Sapa sing ngreti cemplange atiku? (kaca 6)				√		<ul style="list-style-type: none"> • Cinta diri Sendiri ingkang dipunraosaken paraga Meineni • Perkawis kasebut kadadosan amargi Meineni kuciwa mboten siyos kesah kaliyan Abimanyu • Cariyos menika dipunpungkasi kanthi cara Meineni budhal kaliyan Pitarata supados ilang seriking ati
2.	“Yu, Ayo numpak Jinantra, ya?” “Ah, emoh. Jinantra iku rak kanggo bocah cilik-cilik. Kene wis Gerang ngene. Lan maneh yen ana ndhuwur nggegana kana aku wedi, singunen. Lan mesthine hawane adhem bengi-bengi ana awing-awang.” “Dakkancane cedhak aku, ta, wis. Ben ora adhem, dakrangkul. Ben ora singunen, merema ing dhadhaku.” (kaca 7)	√					<ul style="list-style-type: none"> • Wonten ing data, ngandhut cinta persaudaraan antawis Pitarta lan Meineni • Perkawis kasebut dipunjajari amargi Pitarta ngejak Meineni nitih Jinantra ananging Meineni wedi. • Pungkasan cariyos Meineni kaliyan Pitarta mboten siyos nitih Jinantra

3.	<p>Aku nyawang loket. Mak prepet, mripatku terus wae kepyur-kepyur. Ing loket, metu saka suk-sukane uwong lan uwet ngetung susuk, aku weruh Abimanyu! Abimanyu priya sing sasore bendhe dakenteni nggentheng-entheng ora teka, ndadak saiki ketemu ngeterake Kenya liya. O, kok apes timen awakku! Apes! (kaca 9)</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis wonten ing data antawis Abimanyu lan Meineni • Perkawis ing data dipunjajari amargi Abimanyu janji badhe kesah kaliyan Meineni ananging Abimanyu malah bidhal kaliyan kenya sanes • Pungkasanipun Meineni nggeblas wangsul saking pasar malem nitih becak.
4.	<p>Aku lali tembung apa kang dakucapake marang Pitarta. Aku lali piye tingkahku nalika lunga nggeblas saka panggonan cilaka iku. Aku mung kelingan sawise metu saka gapurane pasar malem, mlaku ngoncog dikinthal Pitarta marani becak! Aku ngabani becak kanthi sora, banjur nyengklak lungguh ing becak.</p> <p>“ Apa salahku, ta, Yu? Apa salahe Reti? Piye ta, iki mau? Apa sebabe Yu Neni duka nyentak-nyentak aku? Aku nyuwun ngapura tenan, Yu, dene aku ora ngrewes marang Yu neni. Nanging satemene dakrewes, Yu. Aku ora duwe seja nyepelekake Yu Neni...!” mengkono lan embuh piye maneh tuture Pitarta ngerih-erih aku nalika ana ing becak. (kaca 9)</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis Pitarta lan Meineni • Perkawis dipunwiwiti nalika Meineni ngertos Abimanyu kesah kaliyan kenya sanes ing pasar malem, mila Meineni kuciwa lajeng nggeblas saking pasar malem tanpa ngendika menapa-menapa kaliyan Pitarta. Pitarta ngraos piyambakipun ingkang luput. Pitarta mboten remen menawi Meineni nesu kaliyan piyambakipun. • Pungkasan cariyos Meineni tetep mbisu mboten ngendika menapa-menapa kaliyan Pitarta

5.	<p>Meh mlebu ngomah, aku ndadak krasa yen satemene patrapku marang Pitarta iku ora bener. Aku mendheg. Piye, ya, supaya Pitarta ngreti yen dudu dheweke sing gawe seriking atiku? Nyritakake jlentrehe lelakon marang dheweke wektu iku mesthi ora bisa. Ora bisa beneh. Aku selak kepingin ambruk ing peturon. Aku selak kepingin nangis! Aku cengkelak balik, marani Pitarta. Dheweke lagi ngadeg nglokro ora duwe daya melas asih. Aku enggal marani dheweke, ”Dhik Pit. Wis konduro....!” Isih bingung arep ngomong apa maneh, terus wae kanthi reflex nyekeli lengene loro pisan, terus ngaras pipine minangka tandha dheweke ora salah, lan memitrane kene tetep rumaket. “Wis kunduro, ya!” (kaca 9-10)</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis Pitarta lan Meineni • Perkawis kawiwitan nalika Meineni nggeblas saking pasar malem tanpa ngendikan menapa-menapa lejang mlayu nitih becak, ananging jan-jane sanes Pitarta ingkang damel seriking manahipun Meineni mila Meineni ngraos mesakake marang Pitarta ingkang mboten gadah kaluputan. • Perkawis kapungkasi nalika Meineni ngaturi Pitarta Kondur saking nggriyanipun kanthi alus, nyekeli lengen lan gelus pipinipun Pitarta minangka pratandha bilih Pitarta mboten klentu.
6.	<p>“Kuwi karcis ngendi, ta?” Pitakonku nggugung atine Tamardikin. “Bioskop Wijaya.” “Yawis, kene, dak gentenane. Nanging rega ezet, ezet, lho ya?” “Kowe ki piye, ta, Nen? Dijak ora gelem saiki karcis arep kokgenteni?” “Dudu kanggo aku dhewe, kok. Kagem bapak karo ibu. Wingi padha arep mirsani nanging ora keduman karcis. Lha saiki</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan antawis Paraga Meineni lan Tamardikin • Wiwitan perkawis inggih menika nalika Tamardikin ngejak Tanti maring Bioskop Wijaya, ananging Tanti mboten kersa, Tamardikin kang sampun kebacut tumbas tiket

	<p>tinimbang kowe gela wis kebacut tuku karcis ora kok enggo kanthi tentrem, kene dakgentenane, idhep-idhep nulungi bapak. Rak kepenak, ta, ngono? Kowe ora kelangan lan berjasa marang wong tuwaku.” (kaca 27)</p>						<p>bioskop lajeng ngejak Meineni, Meineni ugi mboten kersa malah tiket kasebut dipuntumbas Meineni kangge nglegani Tamardikin lan mbiyantu Tamardikin ingkang sarwa pas-pasan.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tamardikin kersa tiket bioskop kasebut dipuntumbas Meineni, amargi Meineni ngendika bilih tiket kasebut kangge bapak kaliyan ibunipun ingkang kalawingi badhe mirsani ananging mboten keduman karcis, sinaosa babagan menika namung alasan supados Tamardikin kersa tiketipun dipuntumbas.
7.	<p>“Neni! Galo kancamu teka! Yen arep nonton rak anggur karo pemudha ngana kae. Kok karo bapak! Ngendikane ibu. “Sapa, Bu, sing teka? Abimanyu ya?” Aku mlayu menyang ngarepan, disangoni ujar dening ibu, “Cah wis prawan ngono kok playon pencolotan! Bojone ki mbesuk sapa?! Mbok ya sing alus, geneya, ta?! Sing kaya putri ngono lho!” (kaca 29)</p>		√				<ul style="list-style-type: none"> • Cinta Keibuan antawis ibu lan Meineni • Perkawis dipunwiwiti nalika Pitarta sowan wonten dalemipun Meineni ananging dipunkinten Meineni ingkang sowan inggih menika Abimanyu. Mangertos bilih wonten tamu, Meineni lajeng mlayu tumuju ngajeng ngriya.

							<ul style="list-style-type: none"> • Pungkasan perkawis Ibu nuturi Meineni supados mboten playon pencolotan, ingkang alus kados putri, Meineni namung ngrunggokake anggenipun Ibu ngendikan tanpa matur menapa-menapa.
8.	<p>“Yu Neni, aku lagi sedhah. Kena apa, ta?”</p> <p>“Ah. Angger wong rene kok sedhah. Kena apa, ta?”</p> <p>“Aku ditolak mbaleni sekolah marga kelase wis kebak. Aku kasep ndaftarake.”</p> <p>“Wo, ora lulus ta, Dhik Pit ki, kok mbaleni?”</p> <p>“Ora lulus.”</p> <p>“Andekna biyen kae kok anggak-anggakan timen, nganti wani nraktir aku nonton pasar malem?”</p> <p>“Lha rumangsaku dhek samana jawaban ujianku ya bener tenan, kok. Hmm. Embuh iki piye tutuge.”</p> <p>“Wis, aja susah-susah, Dhik. Saiki nonton, yo! Aku kancanana. Iki aku duwe karcis nganggur. Karo dene kanthi mengkene traktirane Dhek Pit biyen dak saur. Ya? Nonton, ya?”</p> <p>Pitarta nyawang aku. Mripate kerlip-kerlip ngandhut rasa seneng.</p> <p>“Tenan, kuwi? Lho iya ta, kok nganti ama karcis nganggur?”</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta Persaudaraan antawis paraga Meineni lan Pitarta • Wiwitanipun perkawis nalika Pitarta sowan wonten dalemipun Meineni lan criyos bilih Pitarta mboten lulus lan dipuntolak ngambali sekolah amargi kelasipun sampun kebak lan piyambakipun kasep daftar. • Pungkasan cariyos Meineni nglipur Pitarta kanthi ngejak nonton bioskop. Pitarta rumaos remen sanget lan dados panglipur temenan kangge Pitarta. Pitarta nyaguhi ajakanipun Meineni.

	<p>“Wis ta, mengko dakcritani. Ning aku njaluk numpak becak, lo, ya, sepedhahku ora ana lampune.”</p> <p>“Iya. Wah, pelipur lara tenan, kuwi! Larane kang ati!” (kaca 29-30)</p>						
9.	<p>“Gumun aku. Wong disapa Kenya kaya ngana sulistyane kok tanggapanmu anyep wae! Nanging aku wis tau weruh Kenya kuwi mau kok, Dhik Pit. Tenan. Ana ngendi ya? Sekolah apa ta, dheweke?”</p> <p>“Yen dakkandhani blaka, Yu Neni mengko mesthi nesu.”</p> <p>“Aku? Nesu? Lha ngapa kok nesu?”</p> <p>“Tenan? Ora nesu?”</p> <p>“Mesthi kok ngono! Aku apa tau kandha ora tenan? Aku apa wis tau nesoni kowe ta, Dhik Pit?”</p> <p>“Yu Neni wis tau pirsana pasar malem!”</p> <p>“Oh! Anu, sik, sik, Reti jenenge, iya? O, kelingan aku. Kena apa aku mau ora kok elingake yen aku uga wis tepung?. Wah, kae mau mesthi nganggep aku enggak. Kowe mau Dhik Pit, ora gelem ngelingake. Gela aku!”</p> <p>“Aku kuatir Yu Neni terus ngambil, terus njaluk mulih tanpa prekara kaya dhek biyen kae. Dhek ana ing pasar malem kae.”</p> <p>(kaca 32)</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta Persaudaraan antawis paraga Meineni lan Pitarta • Perkawis dipunwiwiti nalika Pitarta dipunsapa kaliyan kenya asmanipun Reti, ananging Pitarta nanging sapa aruh menika kanthi anyep, ajrih bilih Neni nggeblas wangsul kados nalika ing pasar malem. • Pungkasan cariyos Neni malah ngece Pitarta bab menika.
10.	<p>Aku menyat ganti klambi. Satemene rada seneng aku sore iku lunga jaritan, gek anggonku jaritan ora nggekeng kaya yen</p>				√		<ul style="list-style-type: none"> • Cinta diri sendiri kang dipunraosaken paraga Meineni

	<p>perlu nyang pista. Aku salin klambi sutra kuning kembangane ijo. Gelunganku, rambut palsu, dakbenakake. Sandhalku dakganti klompen geulis, banjur njupuk rimong ijo tuwa. Wah, ora bisa mlaku aku, kudu kesrimpet wae. Nanging mongkoking ati natagake anggonku njangkah. (kaca 38)</p>						<ul style="list-style-type: none"> • Cariyos dipunwiwiti nalika Meineni pikantuk uleman manten saking Tanti lan Tamardikin, Neni macak, jaritan, ngangge rasukan sutra lan gelungan rambut palsu. • Cariyos kasebut ngandharaken bilih Neni ngraos mogkog marang piyambakipun
11.	<p>“Tanganku piye, ewuh anggonku nyeleh,” ujare Abimanyu, tangane arep cak cek nyekel bangkekanku. Tangan banjur daccandhak ceg, terus dakpalangkerikake ing lempenge dheweke dhewe lan aku nerusake mbenakake dhasi. Nalika iku ibu mlebu kamar arep pirsanggonku ndandani Abimanyu. Ing kono aku krasa oleh pengawasane ibu, rumangsa kayoman. Ing kono aku krasa kawicaksanane ibu. Piye-piyea kae tingkahe anak mesthi isih perlu diawat-awati wongtuwa, apa maneh anak kang lagi mabuk suka kaya aku iki mau! Tujokno tangane Abimanyu ora nganti nyekel bangkekanku, lan dak palangkerike marang lempenge dhewe. Upama nganti nyekel bangkekanku, aku wis mesthi ilang kaprayitnanku, lan embuh maneh kepriye yen dikonangi sibu lagi kaya ngono kuwi! Tujokno! Slamet-slamet-slameeett!</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta keibuan antawis paraga Meineni lan Ibu • Perkawis menika kawiwitan nalika Meineni nggagemaken dasi Abimanyu wonten kamaripun bapak ingkang wonten penggilonipun • Wusanipun Ibu tumut mlebet kamar badhe pirsanggonipun Neni ndandani Abimanyu

	(kaca 40)						
12.	<p>“Neni!” panyentakake ibu. “Ibu ki kena apa ta, Neni kok disentakake wae?” pitakonku saya anyel. “Klambimu iku benikna dhisik, mbledeh ngono kuwi arep kok enggo metu? Ketok susumu! Wis prawan gedhe ngono mbok sik rada ngati-ati! Surup-surup ki mbok dandan sing resik! Turu wae! Adhike ora papa dichetoti!” “Ah Ibu ki! Wis emoh! Emoh! Aku emoh nemoni Dhik Pit!” “Ayo! Ayo, rak arep ngisin-isinke ibu! Nglakoni pakone ibu wae apa ta, Nen, rekasane? Kowe ki ngretia sithik wae, ta. Wis gedhe, saru yen dhadhane mbledeh konangan jaka!” (kaca 43)</p>		√				<ul style="list-style-type: none"> • Cinta keibuan ing data antawis Ibu lan Meineni • Wiwitan cariyos nalika wonten tamu ananging benik rasukanipun mbledeh, ibu nuturi Neni supados rasukanipun dipunbenikaken. Neni ugi mboten purun manggihi Pitarta tamunipun, ananging Ibu dhawuh Neni supados manggihi tamu kasebut supados mboten ngisin-isinke Ibu. • Pungkasan perkawis, Neni nindakaken dhawuhipun ibu
13.	<p>“Elinga Nen, welinge Ibu. Wong wadon iku kudu tansah dandan yen nemoni dhayoh. Yen kowe isih legan, dandan iku ngajeni awakmu dhewe, yen kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe.” (kaca 44)</p>		√				<ul style="list-style-type: none"> • Cinta keibuan ing data antawis paraga Ibu lan Meineni • Wiwitan cariyos nalika wonten tamu ananging benik rasukanipun mbledeh, ibu nuturi Neni supados rasukanipun dipunbenikaken. • Pungkasanipun kanthi nggonduk Neni nuruti kersanipun ibu
14.	<p>“Lha kowe? Priye atimu? Tresna tenan marang dheweke?”</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data dipunraosaken

	<p>Aku ora mangsuli. Ora wani nyawang Tanti. Lambeku sajak empuk yen digeget-geget nganggo untu.</p> <p>Tanti ngekep aku, krasa yen tingkahe nuhoni patrap memitran.</p> <p>“Nen, aku rak mitramu, ta ya?”</p> <p>“Kena apa ta, Entik, kowe kok neter takon prekara kuwi?</p> <p>Aku durung wani mangsuli pitakonmu.”</p> <p>“Ora papa, Nen, ora papa. Mung sing ngati-ati. Sanajan kowe durung wani bengesane kaya aku, nanging saiki kowe yaw is diwasa, malah wis nyambutgawe barang, wis akeh priya, ketarik marang sulistyamu. Sing ngati-ati nemoni priya, Nen. Sing njinggleng mawas priya sing kokpilih dadi sisihanmu. Ora angger priya seger njabane, seger jerohane.” (kaca 47)</p>						<p>antawis paraga Tanti lan Meineni</p> <ul style="list-style-type: none"> • Perkawis menika kawiwitan nalika Tanti dhateng ing dalemipun Neni lan nyuwun pirsane bab tresnanipun Meineni marang Abimanyu. • Pungkasanipun Tanti nuturi Meineni supados ngatos-atos mawa priya ingkang badhe kapilih dados sisihan.
15.	<p>Nalika aku ketemu Abimanyu maneh, aku nyoba mawas priya kang cedhak aku iku. Satemene Abimanyu ya kurang bagus, ora bagus kaya Tamardikin. Mung dedege oleh, panganggone resik. Ducatine saiki wis malih dadi Norton, sepedhah montor gedhe tenan. Apa aku bloloken marga kesugihan?</p> <p>Rumangsaku ora. Ibu-bapakku cukup lan tansah bisa nyukupi kabutuhanku. Lan sing daksenengi bab Abimanyu pangrengkuhe marang aku, semanak. Rumangsaku aku diadi-adi, diemi-emi dening priya siji kuwi. Lan kuwi nyenengke aku banget. Tenan aku ora kepincut marga bandha, nanging</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Abimanyu lan Meineni • Perkawis menika dipunwiwiti nalika Tanti bibar dhateng wonten dalemipun lan nuturi supados ngatos-atos anggenipun mawas priya kang bakal dados sisihanipun. • Pungkasan perkawis Meineni kepikiran marang menapa ingkang

	marga patrap. Dadi apa sing dikarepake Tanti seger njabane, seger jerohane? Apa marga Abimanyu ngrokok? Apa marga priya iku tau lunga menyang Tanjung perak? Aku kok ora ngerti ta, sing dikarepake Tanti. Apa Tanti ki genahe meri karo aku ap piye ta ya? (kaca 49)						dipunaturaken Tanti, mila nalika Neni kepanggih Abimanyu malih, Neni nyobi mawas piyambakipun.
16.	“Apa ta, Entik, sing koksingetake bab Abimanyu, aku kepengin krungu?” Sawise dakpeksa-peksa wasanane dheweke blaka. Ngene jarene. Nalika ana kaliurang dheweke lan Tamar weruh Abimanyu mlebu-metu ing sawijining hotel karo wong wadon. Miturut ngendikane bulike Tanti, wong wadon iku wiss well-known dening wong kono kadidene wong ala tingkat atas. (kaca 50)	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Tanti lan Meineni • Cariyos kawiwitan nalika Neni dhateng ing dalemipun Meineni, Meineni kepengin mangertos menapa ingkang dipunsingetaken bab Abimanyu. • Wusananipun Tanti blaka bilih kepanggih Abimanyu ing Kaliurang, mlebet ing Hotel kaliyan tiyang setri ingkang mboten sae
17.	“Yu Neni, percaya marang dayaning katresnan kang gawat, kang angker tumraping wong-wong kang nandhang? Katresnan kang angker iku ndayani wewatakane uwong owah, paribasane wong ringkih bisa njebol gunung, wong brewu dina iki bisa ngemis dina sesuk. Cekakne dayane katresnan iku ora mandeng bandha, wewategan lan wektu, bisa ngowahi babarpisan kahanan apa wae	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Pitarta lan Meineni • Wiwitan cariyos nalika Pitarta sowan wonten dalemipun Meineni kepanggih kaliyan Abimanyu. • Pungkasanipun Pitarta nuturi Meineni bab tresna

	<p>malih wujud rupane, malah dadi kosokbali karo wujud utawa sifat sadurunge nglakoni tresna. Yu Neni, percaya iku? “Embuh. Aku ora tau nggagas dawa mumet-mumet kaya ngono.” (kaca 55)</p>						<p>kang angker kangge tiyang ingkang nandhang katresnan.</p>
18.	<p>“Karepku yen aku nyandra Abimanyu saiki, dheweke iku wong bubrah, wong lecekan, dheweke iku ora bisa maneh nampa katresnan murni, katresnan wis kapasrahake marang Reti, lan ora ana kang bisa ngganteni panggonan mau. Katresnan Abimanyu iku, upama dheweke kandha tresna marang wong wadon liya, katresnan tilas. Upamane jago ngono, dheweke iku pedhotan. Sanajan awake jago isih katon bregas, kluruke seru nantang-nantang mungsuh kaya yak-yaka, nanging wong wis tau diedu kalah, bareng diedu maneh karo jago liya sing endi wae, ya mesthi tansah kalah. Ngono kuwi jenenge jago pedhotan! Lecekan! Ora bisa maneh nresnani Kenya liya kaya yen tresnane marang Reti kang sejati kae!” (kaca 56)</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Pitarta lan Meineni • Wiwitan cariyos nalika Pitarta sowan wonten dalemipun Meineni kepanggih kaliyan Abimanyu • Pungkasanipun Pitarta nyandra Abimanyu, lan ngandharaken sedaya watekipun Abimanyu miturut panyandra Pitarta
19.	<p>“Kowe ki rumangsaku priye ta, Nen! Edan-edanan, ya? Teka menyang pondhokane pemudha-pemudha ijen! Gawe geger! Kowe rumangsa gedhe atimu ya yen dakkandhani pemuddha sapondhokan kabeh rame, merga kowe? Kuwi mongkog sethengan, dakkandhani, Nen, ora pantes! Kowe ngreti apa kedadean saungkurmu?</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Tamardikin lan Meineni • Perkawis dipunwiwiti nalika Meineni dhateng wonten pondhokanipun Tamardikin, saperlu madosi Tamardikin

	<p>Parta mbanting kursi disawatake sapa wae sig nganggu dheweke. Dheweke iki mau nggawa lading ngenteni tekaku. Sapa sing wani cumuwit bab kowe sida disawat lading. Ndrawasi ora kuwi? Klakuanmu mau ora pantes, Nen, tenan! Ora lucu! Ora pantes!”</p> <p>“Iya! Iya, tutugna anggonmu srengen dakrungokne. Yen wis gek ombea, iki lho dakcepaki es. Terus gentenan , aku sing ngomong.”</p> <p>“Kowe ki kaya ora ngerti ayumu, ta, Nen, nggrora-godha atine uwong sakarepmu dhewe. Elinga, kowe kuwi ayu, Nen. Saben uwong lanang weruh, mesthi namatke ayumu kuwi! Lan terus ngosikake atine, embuh priye usike, apik apa ala. Suk maneh aja kokpindho. Wis saiki aku teka, kowe duwe perlu apa? Upama Parta ora meksa nangis-nangis ngono aku ora gelem teka mreng bengi iki, Nen. Kesel tenan aku, lho!” (kaca 62)</p>						<p>ananging mboten kepanggih, lajeng ing pondhokan kasebut Meineni nggoda kancanipun Tamardikin kang asmane Parta, ugi pesen kaliyan Parta supados Pitarta dipunaturi wonten dalemipun Meineni sasampunipun kondur.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasan cariyos menika, Tamardikin nuturi Meineni, mboten pareng ngambali bab menika wau amargi mbebayani kangge Meineni.
20.	<p>“Apa kudu dakjiyat kanthi tangis, Mas Tamar, supaya kowe gelem crita bab Abimanyu? Wis ta, apa wae elek-becik, kandhakna. Aku wis samekta ajang amba nampani sakabehing uneg-unegmu.”</p> <p>Sawise digagas maneh, dheweke banjur kandha,” gampang kanggoku, nanging bisa uga angel kanggomu. Nanging wong wis kokwenahi sangsi sadurunge, mula aku iki iya arep kandha. Yen kandhaku iki ora nocogi atimu kena kokbuwang, yen kok</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Tamardikin lan Meineni • Wiwitaning cariyos Meineni ngaturi Tamardikin wonten dalemipun, lan ngandharaken menapa becik alanipun Abimanyu. • Pungkasan perkawis, Tamardikin cariyos sedaya

	<p>enggo lank owe keduwung ing tembe mburi, ya aja nyalahake aku. Dene kandhaku iki nggawa begjamu ing tembe mburi, aku melu ucap sokur. Ngene, Neni. Manut pamawasku, Abimanyu iku wong kang seneng nyambutgawe, dadi wong mardika, lan dheweke wani lan kendhel berjuwang mbelani penggaweane. Temening gawe gampang nata siyasat. Sanajan uteke ora patia encer bab gladhen ngilmu, nanging taktike urip, lihay. Dheweke wong kang bisa nggolek suksese dhiri. Nanging yen sing kokkarepake Abimanyu kadidene priya pengarep-arep jodhone wanita, liya critaku. Dheweke seneng musik, seneng mubra-mubra, foya-foya, uga, nuwun sewu lho, seneng wong wadon. Wong sing kaya ngono ora apik didadekake bojo, ora kena digondheli kasetyane, tegese <i>bojo ideal</i> lho ya. Yen mung bojo-bojoan ya embuh. Wis, Nen, mung iku katranganku. Aku bisa crita luwih jlentreh, nanging dakkira tutuge kowe wis bisa mikir dhewe.”</p> <p>Aku sendhen ing kurisi. Nalika iku aku wis cepak-cepak kuping amba, dadi krungu critane Tamardikin kaya ngono iku, aku ora gronjalan. Aku bisa nampa kabeh kanthi esem.(kaca 63)</p>						<p>becik alanipun Abimanyu kanthi gamblang lan menapa wontenipun.</p>
21.	<p>Seminggu tutuge atiku jempalikan terus. Batinku pecah dadi loro, separo ngrewangi katrangane mitra-mitra, separo mantep nuhoni batinku kang lawas. Karo-karone</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Tanti, Tamardikin lan Meineni

	<p>padha kuwate. Nalika seminggu wis tutug meksa durung ana kawusanane kalah menang, Tanti karo Tamardikin teka tilik aku, menahi oleh-oleh, takon-takon prekaraku karo Abimanyu, lan menahi kekuwatan anyar ing batinku kang sesisih sarana pitutur-pitutur lan conto-conto. (kaca 64)</p>						<ul style="list-style-type: none"> • Cariyos dipunwiwiti nalika Meineni mireng cariyos becik alanipun tiyang ingkang dipuntresnani inggih menika Abimanyu. Manahipun Meineni jempalikan saksampunipun ngertos cariyos bab Abimanyu • Pungkasanipun perkawis menika Tanti lan Tamardikin nuweni Meineni lan ngiyataken Neni.
22.	<p>Aku weruh tangan ing dhadhane Tanti obah. Banjur dakcekel. Tanganku digegem. Mripate banjur nyawang Tamar. Drijine obah-obah maneh. Dakgoleki tangane Tamar, banjur dakkon nggepok tangane Tanti. Tanganku lan tangane Tamardikin banjur digegem Tanti, kaya critane buku <i>Layar Terkembang</i>, karangane Sutan Takdir Alisyahbana. Tanganku lan tangane Tamardikin ginegem dadi siji, lan rinemet dening tangane Tanti. “Mas. Neni iki cah becik. Nen, Mas Tamar iki wong becik. Ora nguciwani. Huh, huh, kowe wong loro kudu urip bebarengan, huh, huh!” (kaca 67)</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Meineni lan Tanti • Perkawis dipunwiwiti nalika Meineni dipunpapag polisi wonten dalemipun, mawartakaken bilih wonten ingkang kacilakan. Meineni kaget sanget, jebul ingkang kacilakan kanca raketipun inggih menika Tanti • Pungkasan cariyos, ing pungkasan sedanipun Tanti, Tanti nyuwun supados Tamardikin garwanipun lan Meineni

							kanca raketipun sami jejodhoan.
23.	<p>Weruh kaya ngono mau sikilku lumpuh, ora kuwat ngadeg. Aku ambruk, tanganku kang nggondheli tangane Tanti lemes. Krasa ana barang mlaku ing ugel-ugele Tanti, nanging banjur greg mandheg. Aku nangis. Ora kuwat ora nangis. Ora percaya yen Tanti Suwandi, mitraku kang gawene ngajak blayangan kae, cedhak umure. Urip iki pancen wadi. Urip iki pancen gawat. Aku ora ngerti pira suwene anggonku tawan-tawan tangis. Aku eling bareng aku dirangkul Tamardikin, dikon ngadeg lan nyingkir. Tanti wis dikrukupi. Ibu Suwandi uga wis ana kono, nangis. Nalika Tanti digawa metu saka kamar, tangisku ndadi maneh, aku golek cekelan, golek panggonan kanggo nyelehake rai, oleh dhadhane Tamardikin, dakkekep, jeriting ati dakenetake ing barang kang dakrangkul. Aku golek kekuwatan ing kono. Mitraku ilang. Ilang saka donya! Atiku rumangsa ora kijenan ngrasa nelangsa kelangan mengkono, marga aku krasa Tamardikin ngelus-elus sirahku, mijeti bauku. Aku rumangsa oleh kanca bela sungkawa. (kaca 67-68)</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Meineni lan Tanti • Wiwitan cariyos nalika Tanti kacilakan, lajeng seda amargi kacilakan menika • Pungkasanipun Neni tasih mboten pitados bilih Tanti cekak yuswanipun. Nalika Tanti dipunbeta medal saking kamar, tangis Neni tansaya ndadi.
24.	<p>Ing sawijine awan, Reni nembung dhuwit kanggo menehi wong ngemis. Aku mangsuli ora duwe, dakkon nyuwun bapake wae. Mas Tamar lagi sinau ana emper mburi, direnggeki Reni iku dhompete diulungake,</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Meineni lan Tamardikin • Perkawis dipunwiwiti nalika Meineni mirsani

	<p>tanpa ucul pandhelengan saka buku. Reni mlayu menyang nggonku menehake dhompet, karepe ngakon njupukake dhuwit pira kang murwat kanggo wong paring-paring. Dhompet dakbukak, tratab! Atiku dheg-dhegan. Ing dhompet iku ana fotone gedhe, fotone wong wadon dudu nyonyah Tamardikin, nanging Tanti Suwandi! Atiku muntab!</p> <p><i>“E,eeee, astagahfirullah! Jejodhoan meh telung taun ngene, asil wis ana wujud pating threngul ngene, jebul pulung katresnan guru lakiku iku ora pindhah marang aku!”</i></p> <p>kemrusuking batinku.</p> <p>Atiku dak sabarake, mbokmenawa kurang becik anggonku ngladeni Mas Tamardikin.</p> <p>Dhompet dalgawa dhewe menyang emper mburi, karepku yen kena dijak rembugan bab foto iku dakowahi. Aku ora wani ndang kumecap. Aku nyedhaki. Dheweke ngerti aku ana kono, nanging isih tetep meneng. Dheweke dakwaspadakake, dakcandra, dakwawas. Tamardikin iku satemene bagus tenan, nanging bathuke kang mengkerut iku ora daksenengi. Kaya Mbak Martinjung wae. Tamardikin tansah serius, ora seneng lelucon. Seje karo sipat dhasarku. (kaca 74-75)</p>						<p>ing dompetipun Tamardikin bilih wonten fotonipun Tanti, garwanipun rumiyin ingkang sampun tilar donya. Meineni manahipun muntap.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasanipun Meineni namung saged sabar, mbok bilih piyambakipun ingkang klentu, mboten saged ngladeni Tamardikin kanthi sae.
25.	<p>“Buku sing panjenengan silih mau pira ta Mas regane?”</p> <p>“Wah, mung wong sugih thok sing bisa tuku, Neni. Aku mung bisa nyilih.”</p> <p>“Pira ta Mas?”</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Meineni lan Tamardikin • Perkawis dipunwiwiti nalika ing dinten menika

	<p>“Patang atusan, ngono.” “Anu. Upama tuku ya ana?” “Ana. Saiki iki kesempatan lagi metu. Nanging piye wong dhuwite ora sempat. Dadi ya isih meksa begjane wong sugih bisa tuku buku mau.” “Celenganku isih ana, Mas.” Dheweke nyawang aku. Aku mesem, rogo-rogo kutang, banjur dakjereng dhuwit lembaran atusan lima. “SAka ngendi, Neni?” “Songketanku sing daktitipake Bu Mursingih payu kabeh, Mas. Aku lali pira tukune bolahe, pira cacah bolahe, nanging aku rumangsa seneng iki mau nampa dhuwit akeh. Aku ora ngira, lho, uwat-uwete tanganku bisa ngasilake kaya ngono. Saiki iki apa sing ora payu ya Mas, wong bolah diruwet-ruwet iya....!” (kaca 76)</p>						<p>Tamardikin tansah serius, lenggah kados reca, maos buku kanthi rerikatan amargi buku kasebut awis namung regi sekawan atusan lan mbenjang sampun dipunsuwun ingkang kagungan buku.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasan cariyos Neni matur kaliyan garwanipun bilih Neni tasih gadah tabungan menawi Tamardikin badhe ngersakaken buku kasebut. Tamardikin wiwit saged mesem amargi bakal gadhah buku kados mekaten.
26.	<p>Aku mlayu mlebu ngomah. Menyang ngarep pengilon, mbenakake rambut, dakelus jungkatanku, pupuran, dandan. Ah, isih kurang apik. Jarit dakwudhari, ganti jarit apik. Kebaya dakuculi, ganti kebaya pameran. Ah, aku kudu ketok ayu! Kelingan welinge sibu, ‘Yen isih legan dandan, iku ngajeni awakmu dhewe, yen kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe!’. (kaca 81)</p>				√		<ul style="list-style-type: none"> • Cinta diri sendiri ing data dipunraosaken paraga Meineni • Wiwitan cariyos amargi Abimanyu sowan wonten dalemipun Meineni • Sanalika Meineni lajeng dandan ayu, pupuran, jungkatan, lan gantos rasukan kang sae.

27.	<p>“Ora, Nen. Tenan ora! Aku durung tepung kowe nalika aku nguculake tembung marang Reti. Rumangsaku ora ana wanodya liya kang kaya Reti. Bareng ketemu kowe, atiku ancur luluh, kowe wong sing dakgoleki, sing luwih cocog. Nanging aku wis kebacut sapatan karo Reti. Kowe kelingan dhek bengi-bengi ana Perak aku takon bab wektu lawase kene srawung biyen? Aku kaya nangis-nangisa dhek samana, Nen, dene kowe teka keru tinimbang Reti ing dhaerah srawungku, teka mrepegi keru ing atiku. Nanging aku tetep ngajeni kowe, Nen, dakeman, dakadi-adi, dakdadekake jimat ing atiku. Kowe wong suci ing batinku, Nen, daksembah-sembah temenan. Nanging bareng kowe sajak kambon barang kang gawe kisruhe atimu mawas aku, aku banjur oncat saka kene, saka cedhakmu, saka Kutha Surabaya, saka negara sing tutur cature nganggo basamu, basa kita. Kisruhmu iku kang dak karepake glagat ora kepenak. Rumangsaku kanthi oncat saka cedhakmu iku sesrawungan kita luwih anteng, luwih tulus nganti teka wayahe aku kudu kandha apa-apa marang kowe, yaiku dina iki sawise aku oleh kepasthen sepataku. Rumangsaku kowe ora bakal kliru pangrasa, pangrasa murni, yen aku tresna marang kowe, lan bakal kok antepi.” (kaca 84-85)</p>			√		<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Abimanyu lan Meineni • Wiwitan cariyos nalika Abimanyu sowan wonten dalemipun Meineni, Abimanyu blaka menapa ingkang dipunraosaken kaliyan Meineni bilih piyambakipun tresna kaliyan Neni jaman semana, ananging piyambakipun kebacut nguculaken tembung kaliyan Reti lan Reti nyaguhi bibar kuliah badhe mangsuli pitakenanipun Abimanyu. • Meineni nglintokaken Abimanyu ingkang kesah tanpa sasmita.
-----	--	--	--	---	--	--

28.	<p>“O, kowe ngukur katresnan iku saka kono, Nen? Apa ukuran kuwi bener saka pribadhimu dhewe? Apa ukuran kuwi saiki isih kok cakake ing atimu? Aku percaya, kowe isih nduweni sipat adil, lan wani ninthingi kahananmu upama aku kandha, Aku ya ngreti apa sing dilakoni Tamardikin’. Nanging aku wong lanang, Nen, ora bakal nyritakake wewadine wong lanang liya marang kowe, marang wong wadon. Wong lanang kang nyritakake wadine kancane marang wong wadon dudu milike, iku wong lanang culika, wong lanang nistha. Apa maneh yen mbukake wadi kanthi pamrih wong wadone bakal dialap dhewe! Aku durung wani mbukak wadine kancaku, Nen. Maaf. Nanging wis samene wae, Nen. Sing perlu kowe saiki yakin tenan aku tresna marang kowe, uga dhek ana Kaliurang, uga dhek ana Hongkong. Aku tetep tresna marang kowe nganti saiki iki. Nanging aku lair ing donya ora ijen. Aku diwulang ngetrepake kasusilan. Aku ora kena budi sakarepku dhewe. Mula, Nen, ben katresnan iki langgeng kaya ngene, aku nandhang kecuwan kaya mangkene, ora susah diowahi wujud utawa trape. Ora susah!” (kaca 85-86)</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Meineni lan Abimanyu • Cariyos dipunwiwiti nalika Abimanyu nyariyosaken sedaya ganjelan ing manahipun, babagan tresnanipun, babagan kuciwanipun kaliyan Neni amargi miturut Abimanyu Neni klentu anggenipun ngukur tresnanipun Abimanyu. • Pungkasan cariyos Neni ngraosaken kuciwa sanget, kenging menapa rumiyin mirengaken menapa ingkang dipunngendikakaken tiyang sanes, mboten nderek manahipun piyambak.
29.	<p>“Iki mau saka omahe Reti, aku enggal-enggal menyang omahmu, luwih banter playuku mreng tinimbang anggonku mara ing omahe Reti. Aku menyang nggone Reti mung perlu ngluwari ujar takon wangsulane marga iku</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Meineni lan Abimanyu • Wiwitan perkawis nalika Abimanyu cariyos bilih

	<p>dadi kewajibanku akibat saka ketrucut tembungku biyen. Aku teka mrana kaya rekening loper nagih dhuwit lengganan koran apa listrik. Nanging aku mlayu menyang panggonanmu kayadene priya selak ketemu kekasihe. Ibumu ngendika kowe wis kawin, wis duwe anak, lan alamatmu kene. Nalika mlebu ing plataran omah lojimu kana, aku iki wong urip kayungyun tresna, omahmu kaya taman kembang kang sarwa wangi, nalika metu saka omahmu kana aku iki mung badan wadhag kang dilakokake dening mesin.”</p> <p>Aku meneng wae. Atiku remuk. Gela, getun, eman. Ah, upama urip iki kena dibaleni, saiba enake! Upama Tanti biyen ora ketabrak motor! (kaca 86)</p>						<p>bibar saking dalemipun Reti ngluwari ujar, nyuwun pirsawangsulipun Reti babagan tembungipun rumiyin. Sasampunipun pikantuk wangsulan lajeng sowan wonten dalemipun Meineni kang sampun dangu dipuntresnani ananging sakmenika Neni sampun gadah garwa lan putra.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sasampunipun mirengaken menapa ingkang dipunngendikakaken Abimanyu, Meineni tansaya getun, kepengin ngambali malih kedadosan ingkang sampun kepengker.
30.	<p>“Yu Neni!” ujare menthelengi aku. Oh, Pitarta! Salah sijine setan kang ngruntuhake uripku! Kena apa saiki penthelengan ana ngarepku? “Abimanyu mrengene, Yu Neni?” “Iya Dhik.” “Suwe, ya? Aku suwe weruh montor Opel Kapitan ulese biru mandheg ing pucuk gang, nanging dakkira dudu tumpakane Abimanyu.</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Pitarta lan Meineni • Wiwitanipun inggih menika Pitarta ngertos Abimanyu bibar sowan ing dalemipun Meineni. Pitarta rumaos mboten remen awit rawuhipun

	<p>Bareng sing duwe montor bali lagi aku weruh glibete dheweke. Montore abimanyu! Kena apa dheweke mrene? Wayah Mas Tamar ora ana ngomah?”</p> <p>Aku nutugake meniteni klambi kebayaku banjur lungguh ing kursi, klempreg! Ngunjal ambegan. Dhik Pit nyetitekake sapari polahku kanthi mripat mendelik.</p> <p>“Reni lan Ririn ora kokterake mulih, ta, Dhik Pit? Wis surup, lho.”</p> <p>“Wangsulana pitakonku! Kena apa dheweke mrene?!”</p> <p>Aku kaget. Pitarta durung tau nyentak aku kaya ngono. Lan ora duwe wewenang mengkono ing omahku, aku wong wadon bojone wong!</p> <p>“kowe ora perlu nyentakiku kaya ngono, Dhik Pit! Iki prekaraku dhewe!”</p> <p>“Yu Neni iya mbukak klambi barang! Ewuh apa dheweke ana kene?!”</p> <p>“Apa?! O, kowe kliru! Kowe kliru! Ora nganti kaya ngono!” (kaca 87-88)</p>						<p>Abimanyu wonten dalemipun Meineni, amargi miturut Pitarta, Abimanyu menika tiyang ingkang mboten sae, menapa malih Pitarta garwanipun Meineni ugi mboten wonten ing dalemipun. Pitarta curiga amargi ngertosipun Pitarta Neni mbiukak rasukan ugi, katitik nalika Pitarta mriku Neni nembe nyetitake benik ing rasukanipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasan cariyos, Pitarta nyentak Neni, ananging Neni ngendika bilih Pitarta namung klentu pamikiranipun.
31.	<p>“... Lha saiki Ratniah nangis ngungsi marang kangmase mindhoan, marga ditundhung wongtuwane.”</p> <p>“Sebabe?”</p> <p>“Ngandheg.”</p> <p>“Apa?””Matur wong tuwane wis ngandheg telung sasi.”</p> <p>“Isih cilik kae...?!”</p> <p>“Isih cilik rak biyen, Yu, saiki ya wis sweet-seventeen. Dheweke lair taun 1925,</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Pitarta lan Ratniah • Cariyos dipunwiwiti nalika Ratniah dugi ing dalemipun Pitarta kanthi nangis-nangis amargi dipuntundhung minggat kaliyan tiyang sepuhipun jalaran Ratniah ngandhut

	<p>sadurunge Jepang kalah. Saiki aku nyuwun tulug Yu Neni, gage Yu, neng-nengen cah kae, mesakake. Yu Neni sing ngrembuyung atine mesthi bisa ngeneng-eneng, nentremake atine.”</p> <p>“Lha cah lanange priye? Apa ora tanggung jawab?”</p> <p>“Bocah kurangajar, Yu, ora gelem tanggung jawab. Bab kuwi aku wis ora mikir. Nanging bab cah wadone iku, lho, dheweke harak sik nglakoni wirang. Priye iki, Yu? Ayo, ta, temonana Jeng Ratniah kae,”</p> <p>“Dhik Pit. Sing bisa ngeneng-eneng wong wadon kang nandhang wirang kaya ngono dudu wong wadon liya kaya aku ngene, dudu Yu Neni sing ngrembuyung atine, nanging wong lanang kang lila kurban gelem ngangkat nikahi dheweke. Marga mung iku kang bisa nutup wirange. Mung wong lanang kang bisa napihi wong kaya ngono kuwi, Dhik Pit. Dudu aku utawa wong wadon liyane maneh! Mula yen bisa uberen wong lanang sing nggawa wirange kuwi, lila ora lila konen nikahi adhikmu kuwi.” (kaca 93)</p>						<p>lan ingkang jaler mboten kersa tanggel jawab. Pitarta mbujuki Meneni supados ngeneng-enengi Ratniah, nentremaken manahipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasan cariyos, Meineni nuturi Pitarta bilih ingkang saged nentremaken Ratniah menika tiyang ingkang lila kurban purun nikahi piyambakipun, kang saged nutupi wirangipun.
32.	<p>“Dheweke wis daklunasi jiwane, Yu. Aku weruh Opel Kapitan ing pucuk gang, lan aku ngreti sapa sing numpaki. Dakcegat, dakenteni nganggo glathi ing tangan. Tangan iki. Kebeneran mulihe bengi. Dheweke dakpateni, Yu Neni, ben ora ndedawa gawe dosa ana ing donya. Dheweke wis ping pira</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Pitarta lan Meineni • Perkawis kawiwitan nalika Pitarta ngertos bilih Abimanyu bibar sowan ing dalemipun Meineni.

	<p>mrene, Yu Neni? Sing dakkonangi wae wis ping pindho, nanging ing pindho iku wae aku gelem weruh. Ora bakal ping telu! Atiku panas banget, Yu Neni, weruh pangrusak pager ayu kaya dheweke! Oh, Yu Neni, daksembah kowe, Yu, kaparenga aku nyucup dlamakanmu. Kowe pepundhenku, Yu Neni, jejimatku, kowe wanita kang daktresnani! Mung kowe, Yu, dyah Meineni. Aku ora lila kowe dirusak uwong, Yu, mbakyuku kekasihku. Aku nangis, Yu, kaparenga aku nyembah dlamakanmu, Yu!” (kaca 97)</p>						<p>Pitarta mejahi Abimanyu supados mboden dedawa damel dosa.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasanipun Meineni wedi ngertos kahanan mekaten, saktekane Tamardikin lajeng ngrangkul Tanardikin.
33.	<p>Aku maju ngethungake tanganku, kaya patrape wong nglulutake kewan galak. Weruh sikepku iku, Pitarta nyawang aku, mripate ora pandirangan maneh. Lerem. Ayup. Tanganku ditampani, digenggem kenceng banget. Daktoleh, wong ing mburiku wis ora ana. Aku ora kuwat. Aku banjur jengkeng ing ngarepe wong kang menthas mateni uwong, wong lanang kang butuh panentrem, panglipur. Dheweke dakrangkul, raine dakdhelikake ing dhadhaku ben ora weruh ruwet-blerenge padhang donya. Ing kono aku rumangsa, yen wong iku satemene kang sugih banyu kasenangan urip kang dibutuhake. Bener, nalika iku dheweke ngungsekake raine ing dhadhaku, nanging satemene dheweke iku wong lanang kang bisa ngayomi aku lan pantes dakjaluki apa-apa. Aku wuta. Wis daksandhing pirang-</p>	√					<ul style="list-style-type: none"> • Cinta persaudaraan ing data antawis paraga Meineni lan Pitarta • Perkawis menika kawiwitan nalika Pitarta bibar mejahi Abimanyu, Pitarta ngandharaken sedaya ingkang dipunraosaken. • Pungkasan perkawis inggih menika Meineni nyobi nglremaken Pitarta kanthi dipunrangkul.

	pirang taun, wis dakrasa salawase dheweke sandhing, nanging lagi saiki dheweke daktemokake! (kaca 99).						
34.	<p>“Kowe kandha apa?”</p> <p>“Sing ngetengi Ratniah kuwi Abimanyu. Mrene ora mbaleni kedadean sing mbiyen kae, rak iya, Yu. Kowe ora nganti cucul klambi maneh, ta, iki mau?”</p> <p>“Aku ora ngreti apa omonganmu, Dhik Pit. Ora ngreti.”</p> <p>“Oh, aku tresna kowe, Yu. Tresna kowe. Aku emoh yen kowe ora suci! Aku emoh yen Abimanyu ngotori jiwa ragamu! Oh, oh, oh! Aku weruh dheweke mrene maneh! Kowe rak isih suci, ta, Yu? Oh, kowe kudu isih suci!”</p> <p>“Iya! Iya! Aku suci. Aku suci, Dhik. Aku tetep Yu Nenimu sing mbiyen kae!” aku ora kober mikir genah apa sing dakomongake. Ngretiku Pitarta saiki lagi ruwet pikirane, kudu dilipur ditentremake. (kaaca 99)</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data ingkang dipunraosaken paraga Pitartai kagem Meineni • Wiwitan perkawis inggih menika Pitarta matur bilih Abimanyu, tiyang ingkang sampun dipunpejahi menika bapakipun jabang bayi ingkang dipunkandhut Ratniah, tiyang ingkang mboten kersa tanggel jawab, mila Pitarta mboten purun menawi Meineni mboten suci amargi Abimanyu. • Pungkasanipun Meineni bilih piyambakipun tasih suci kangge nentremaken Pitarta.
35.	<p>“Yu. Aku kudu nampani paukuman. Aku pasrah, nanging rumangsa menang bisa mungkasi reregeding donya lan katresnanku katampan. Aku menang. Aku begja. Yu, aku titip Jeng Ratniah. Dheweke wis daktapihi, wis dakkawin miturut negara lan agama. Anake ora bakal saru lair ing donya. Anak ing kandhutane iku ora</p>			√			<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data ingkang dipunraosaken paraga Pitartai kagem Meineni • Perkawis kawiwitan nalika Pitarta nyuwun pamit kaliyan Meineni, bilih piyambakipun badhe

	<p>dakowah-owah, Yu, sanajan wiji iku saka wong kang murang tata, wong kang mentas wae dakprejaya. Mbesuk yen lair aja dikandhani yen kuwi anake Abimanyu kang murtad, nanging kudangen yen kuwi anake pengarang gedhe kang kepengin mbenakake tata morale manungsa liyane. Wisikna ngono ya, Yu, marang anake Jeng Ratniah, aku wiwit seneng marang sisihanku iku, Yu, satemene kanggone wong kasepen iku dikancani wong wadon priye wae rupane mesthi gelem, mesthi seneng. Aku duwe naskah roman akeh Yu, ing map. Saiki ora payu, nanging tembe mburi mesthi digoleki wong. Dadekna dhuwit, nggonen nyagaki uripe Jeng Ratniah saturune, ya, Yu. Saiki kalilana aku mungkur. Ora susah kene rerangkalan maneh rerangkalan jasmani. Rerangkalan batin luwih langgeng, luwih suci, luwih mirasa kanggo ngucapake katresnan,” (kaca 100-101).</p>					<p>nampani paukuman amargi sampun mejahi tiyang, Pitarta ugi nitip Ratniah, ingkang nembe ngandhut.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pungkasan perkawis Meineni namung saget pasrah.
36.	<p>“Nen. Kabeh mau mratelake yen urip mawa katresnan iku angker, gawat, ngemu dosa, ora praktis, ngruntuhake bebrayan donya. Kaya ngono mau wujud. Kaya uripku lan uripmu iki conto rsaane. Mula saiki Neni, ayo padha dinyati mbuwang sakabehing tresna asmara. Ayo urip tanpa rerindhu kuwi. Kene urip sarana pengabdian, sarana kebaktian. Awake dhewe iki saiki, kudu urip bebrayan amrih rukune, amrih bisane nentremake masyarakat. Dhek mbiyen kene iki wong</p>			√		<ul style="list-style-type: none"> • Cinta erotis ing data antawis paraga Meineni lan Tamardikin • Perkawis kawiwitan sasampunipun kedadosan Pitarta mejahi Abimanyu amargi mboten kapengin Abimanyu ngrusak Meineni. Tamardikin ngajak supados saklajengipun sami-sami

	<p>murka, marga urip nandhang katresnan. Kowe tresna marang Abi, marang Pitarta, aku tresna marang Tanti saiki diilangi kabeh. Anaku mung kowe, anamu mung aku. Ora susah nganggo tresna asmara thethek bengek!” (kaca 101).</p>						<p>mbucal raos tresna kaliyan tiyang sanes. Wontenipun namung Meineni lan Tamardikin.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Meineni nyaguhi menapa ingkang dipunngendikakaken garwanipun.
--	---	--	--	--	--	--	---